| DOKUMEN MADRASAH |
|---|
| SANGAT RAHASIA |

| Nama : |
|---|
| No : |

# KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN NGAWI
# PENILAIAN TENGAH SEMESTER GENAB MADRASAH IBTIDAIYAH
# TAHUN PELAJARAN 2021/2022

| Mata Pelajaran | : | Bahasa Jawa | Hari / Tanggal | : |
|---|---|---|---|---|
| Kelas | : | V (Lima) | Waktu | : |

**1. Pilihen salah siji wangsulan kang kok anggep paling bener!**

1. **Wacan kang awujud andharan utawa gambaran kanthi tembung-tembung sawijining barang, papan panggonan, swasana lan kadadean duweni ancas supaya kaya-kaya pamaca weruh bab kang dideleng diarai . . .**
   A. Narasi C. Argumentasi
   B. Dheskripsi D. Persuasi
2. **Salah siji titikane wacan Deskripsi, yaiku . . .**
   A. Kadadean nganggo urutan wektu C. Ngambarake kadadean kanthi cetho
   B. Pamaca ora bisa ngambarake D.Isine cara gawe utawa carane nganggobarang

**Pakebonan Teh Wanasari**

**Pakebonan teh Wanasari salah sijining agro wisata sing misuwur ing kutha Malang. Pakebonan iki nyajekake gelaran kebun teh kanthi suasana asri kang nyegerake. Saka lokasi wisata iki awakmu bisa nyawang Gunung Arjuna katon manjulang dhuwur. Ing papan kene awakmu uga isa sinau babagan kaprigelan ngolah teh, saka wujud pucuke godhong nganti bisa dadi ombenan sing sedep, saka proses nandur nganti proses mbuntel kotak produk teh. Saliyane kui, ana uga wahana wisata sing bisa di nikmati kayata flying fox, paintball, panjat dinding, lan sepedaan. Lokasi pakebonan teh iki ana ing lereng e Gunung Arjuna, desa Wanareja, kecamatan Lawang, Kabupaten Malang. Papan wisata iki di bukak saka jam 07.00 – 17.00 WIB.**

3. **Wacan ing dhuwur iku dheskripsikake papan wisata sing awujud . . .**
   A. Pantai C. Gunung
   B. Waduk D. Pakebonan Teh
4. **Pakebonan Teh Wanasari mapan ing tlatah kabupaten . . .**
   A. Probolinggo C. Ngawi
   B. Mojokerto D. Malang
5. **Tembung agrowisata ing teks kasebut tegese . . . .**
   A. Wisata seng sasarane para siswa C. Wisata sing kelase mancanegara
   B. Wisata sing sasarane tetaneman D. Papan wisata laut
6. **Ing kutha Malang hawane . . .**

LIVEWORKSHEETS

**A. Gemricik** **C. Adhem**
**B. Ijo royo-royo** **D. Wangi**

**7. Kanggo nglestarekne ekosistem seng seimbang, bocah-bocah kudu mbuang uwuh ing . . .**
**A. Kali** **C. Panggon uwuh**
**B. Ngarep omah** **D. Ngarep omah**

**8. Embun-embun kang nelesi gegodongan saya suwe ilang . . . amarga srengenge sansaya panas.**
**A. Nglungsungi** **C. Nyair**
**B. Nguwap** **D. Umup**

**9. Saben liwat pinggir tegalan, tanduran para tani sinawang katon . . .**
**A. Gemricik** **C. Adhem**
**B. Ijo royo-royo** **D. Wangi**

**10. Bedane wacan dheskripsi lan wacan prosedur, yaiku . . .**
**A. Dheskripsi menehi weruh tahapan gawe utawa nganggo, menawa prosedur gambarake**
**B. Dheskripsi gambarake, menawa prosedur menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo.**
**C. Dheskripsi njlentrehake saweneh bab kanthi bukti-bukti kang kuwat, menawa prosedur menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang.**
**D. Dheskripsi nyritakake nganggo urutan waktu, menawa prosedur menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo**

**11. Nalika maca teks dheskripsi patrape awak seng bener . . .**
**A. Sikil mbegagah** **C. Sirahe ndingkluk**
**B. Ngadeg jejeg** **D. Kakean obah**

**12. Tehnik maca kang biasane digunakake para presenter, yaiku . . .**
**A. Endah** **C. Memindai**
**B. Nyaring** **D. Tanpa swara**

**13. Basa kang endah utawa basa sastra, endahe karena dipaesi utawa dirumpaka diarani basa . . .**
**A. Krama** **C. Bagongan**
**B. Krama desa** **D. Rinengga**

**14. Ing ngisor iki kalebu jinise bahasa rinengga, kajaba . . .**
**A. Panyendhu** **C. Parikan**
**B. Pepindhan** **D. Pawarta**

**15. Lumrahe basa rinengga kuwi kanggo nulis kasusastran. Tuladhane kasusastran, kajaba . . .**
**A. Teks dheskripsi** **C. Pawayangan**
**B. Geguritan** **D. Drama**

**16. Polahe wong kutha kaya gabah . . .**
**A. Kabur kanginan** **C. Dionceki**
**B. Diinteri** **D. Di kumbah**

**17. Sinta lan Santi kae bocah kembar kang rupane kaya . . .**
**A. Blarak sempal** **C. Mucuk eri**

LIVEWORKSHEETS

B. Jambe sinegar
D. Ndamar kanginan

18. Aku seneng mertamu menyang omahmu amarga suguhane mbanyu . . .
    A. Mili
    C. Anyep
    B. Mampet
    D. Enak
19. Perangane awak seng nyela cendhana, yaiku . . .
    A. Drijine
    C. Alise
    B. Untune
    D. Bathuke
20. Pakdhe Kamto menawa mijet keypad ponsel asring kleru amarga drijine . . .
    A. Bujel
    C. Mlongo
    B. Cedal
    D. Nonong\

**Candrane Adhiku Sri Widada**

Bunder impleg impleg hem, kaya Narada
Joged mendhek-mendhek hem, ing pendhapa
Anggepe, candrane kaya Raden Gatutkaca
Candrane adhiku, aran Agus
Dhasar bocah bagus, nyata besus
Rambut model baru ganda wangi
Anggepe, candrane kaya gayane penyanyi

21. Basa rinengga ing tembang kasebut yaiku . . .
    A. Panyandra
    C. Parikan
    B. Panyendhu
    D. Pepindhan
22. Panyandra si Widada kaya satria, yaiku . . .
    A. Narada
    C. Raden Gatutkaca
    B. Raden Janaka
    D. Prabu Puntadewa
23. Sing di candra kaya gayane penyanyi, yaiku . . .
    A. Widada
    C. Narada
    B. Agus
    D. Raden Gatutkaca
24. Tangane cinandra . . .
    A. Nawon kemit
    C. Lantip
    B. Ngandan-andan
    D. Nggendhewa pinenthang
25. Panyandra iku basa rinengga kanggo ngarani perangane awak kanthi tujuan . .
    A. Nyemoni
    C. Ngupamakne
    B. Ngalembana
    D. Nyindir
26. Joko kae baguse kaya Batara . . . tumurun
    A. Kumaratih
    C. Ismaya
    B. Kamajaya
    D. Guru
27. Omah gandheng tak saponane , . . . larik yang trep kanggo nerusake parikan ing dhuwur yaiku . .
    A. Mlaku timik-timik
    C. Ora mampir pokok liwat
    B. Abot enteng tak lakonane
    D. Isih cilik ojo kesed
28. Cipir mrambat kawat . . .jangkepane isi parikan ing dhuwur, yaiku. . . .
    A. Ora ngapa seng penting banter
    C. Aku seneng mangan cipir
    B. Ora mampir angger liwat
    D. Manggis karengat

LIVEWORKSHEETS

29. Ing ngisor iki kalebu jinise bahasa rinengga kang mirip pantun ing basa Indonesia, yaiku . . .
A. Panyandra
B. Panyendu
C. Pepindan
D. Parikan

30. Damar sajak e olehe mlaku petenthang petenteng kaya pemainsing wes gamben. Ukara kasebut ngemot bahasa rinengga yaiku . . .
A. Panyandra
B. Panyendhu
C. Papindhan
D. Psarikan c

31. Wacan deskripsi iku teks kang . . . samubarang kanthi tembung-tembung sawijining barang , papan panggonan, swasana, lan kedadean, duweni ancas supaya kaya-kaya pamaca weruh bab kang dideleng.
A. Njlentrehake kanti bukti
B. Carae nganggo utawa gawe
C. Ngambarake
D. Nyritakake

32. Banyu kali saka lereng gunung tiba ing papan kang luweh cendhek awujud grojokan unine. Ukara ing dhuwur migunakae pancaindra . . .
A. Kuping
B. Irung
C. Mripat
D. Kulit

33. Saben isuk saka pucuke gunung bromo metu . . . kumebul sundul angkasa. Tembung kang trep kanggo ngiseni cecek-cecek ing dhuwur, yaiku . . .
A. Adhem
B. Beluk
C. Wedhi
D. Suket

34. Lumprahe basa rinengga iku kanggo nulis . . .
A. Rumus matematika
B. Sesorah (pidato)
C. Kasusastran
D. Aksara jawa

35. Panyendhu iku basa rinengga kanggo ngarani perangane kanthi tujuan . . .
A. Ngumpamakne
B. Ngalembono
C. Nyemoni
D. Nyindir

36. Kang dadi cirine pepindhan, yaiku . . .
A. Nganggo tembung kaya, lir,pindha,kadya. C. Kanggo nyemoni
B. Kanggo ngalembana
D. Ana sampiran lan isi

37. Mripate bocah ayu kae cinandra . . .
A. Blalak – blalak
B. Mucuk eri
C. Blarak sempal
D. Jambe sinegar

38. Ing pasar Blauran kae para bakul lan seng tuku wangsulan saur . . .
A. Kucing
B. Semut
C. Manuk
D. Gajah

39. Kowe kui sedina ora adus nganti gandamu arum jamban. Arum jamban tegese . . .
A. Nengsemake ati
B. Ambune kecut
C. Wangi banget
D. Marai luwe

40. Godong klaras , godhong . . . Bocah memelas luru rejeki. Tembung kang trep kanggo ngisi sampiran ing dhuwur yaiku . . .
A. Kemangi
B. Nangka
C, Gedang
D. Krambil

41. Ireng-ireg gorengan . . .

LIVEWORKSHEETS

A. Kembang
C. Kopi
B. Sego
D. Gedang

42. Parmin sikile . . . nanging yen balapan mlayu isih iso ngalahne kancane.
A. Pesek
C. Nyoro
B. Dingklang
D. Manyul

43. Bayen erine, ketan pulikane. Aku rumangsa ayem atine ketekan panyuwune. Basa rinengga ing dhuwur kalebu . . .
A. Panyandra
C. Parikan
B. Panyendhu
D. Pepindhan

44. . . . . . . . . . . . .. . . . . . . . . . . Dadi murid kudu sregep sinau . larik kang trep kanggo ngisi sampiran ing dhuwur, yaiku . . .
A. Mlaku – mlaku ing tanjung perak
C. Ana bocah mlaku ing embong
B. Manuk emprit nucuki sego krawu
D. Tuku potelot dilincipi

45. Tangane cinandra . . .
A. Nggendewa pinentang
C. Nawon kemit
B. Ngandhan-ngandhan
D. Lantip

46. Menehi tanggapan kudu adhedasar . . .
A. Sawenang – wenang
C. Objektif
B. Sasenenge
D. Subjektif

47. Wayah esuk ing kawasan Gunung Bromo endah banget. Ing sisih wetan samamburat abang. Ukara kasebut migunakake pangambaran lumantar pancaindera . . .
A. Kuping
C. Irung
B. Kulit
D. Mripat

48. Wong-wong ing sakiwa tengene gunung pada iwut karo pakaryane dewe-dewe. Tembung pakaryane podo tegese karo . . .
A. Kesenengane
C. Pakulinane
B. Keremenane
D. Pagaweyane

49. Parikan iku kadadeyane saka bageyan . . .
A. Sampiran lan isi
C. Panyandra
B. Panyendhu
D. Pepindan

50. Ing ngisor iki klebu jinise basa rinengga , kajaba . . .
A. Pawarta
C. Panyandra
B. Panyendhu
D. Parikan

LIVEWORKSHEETS

LIVEWORKSHEETS